

Lis Dokiman yo ki Sijere pou Fair Fares NYC

(Haitian Creole)

Li sitèlman fasil pou aplike pou Fair Fares, ou ka pa oblije soumèt okenn dokiman! Si ou oblije soumèt dokiman, lis ki anba a ap ede ou chwazi dokiman sa yo. Lè ou fini aplikasyon ou an, aplikasyon sou entènèt la ap fè ou konnen kisa ou dwe soumèt.

■ Pou verifye **IDANTITE** ou ak **LAJ** ou, sèvi ak **YOUN** nan sa ki annapre la yo:

- Kat Idantite ak Foto Leta bay (pa egzanp NYS ID, IDNYC)
- Lisans chofè nan nenpòt Eta
- Paspò nan nenpòt peyi
- Kat Idantite ak foto leta bay ki ekspire - jiska 3 ane anvan
- Kat Idantite Militè Ameriken
- Kat Idantite Tribi
- Kat Anrejistreman Etranje USCIS/Kat Rezidan Pèmanan/Grinkat Sètifika Natiralizasyon
- Papyè Adopsyon
- Batistè

Remak: Ou kapab itilize lòt dokiman tou. Dokiman ou yo dwe endike non ou ak dat nesans ou.

■ Pou verifye **KOTE OU ABITE**, itilize yon bòdwo, yon relve oswa yon lèt leta yo te bay pandan dènye 90 jou yo:

- Bòdwo kab, telefòn oubyen sèvis piblik
- Nenpòt kontra lwaye ki nan non ou pou yon kay nan Vil New York
- Konfimasyon chanjman adrès nan Sèvis Lapòs Etazini (United States Postal Service, USPS)
- Bòdwo lwaye
- Relve bankè
- Bòdwo asirans (asirans sante, pwopriyete kay, lokatè, vi oswa machin)
- Bòdwo oswa relve kat kredi

Remak: Ou ka itilize tou lòt dokiman yo te ba w nan 90 dènye jou ki sot pase yo ki pwouve kote ou abite.

(Vire paj la)

■ Pou verifye **REVNI KAY OU YO KA TAKSE**, itilize sa ki annapre la yo:

- Tout paj fòm 1040 Sèvis Revni Entèn (Internal Revenue Service, IRS) nan ane anvan an

Oswa sèvi ak tout sa ki aplike pou oumenm ak chak moun nan kay la:

- Avantaj NYS pou Andikap: Lèt atribisyon oswa souch chèk
- Avantaj Pansyon/Retrèt: Deklarasyon oswa souch chèk
- Avantaj SSI/SSA: Sètifika atribisyon avantaj aktyèl/lèt oswa chèk avantaj aktyèl oswa korespondans ki soti nan SSA
- Avantaj Asirans pou Chomaj: Sètifika atribisyon avantaj aktyèl oswa korespondans ofisyèl avèk Depatman Travay Eta New York
- Prèv peman lokatè (kopi chèk/money order) oswa yon deklarasyon alekri sou revni lwaye ou te resevwa
- Tout souch peman yo te ba w pandan dènye 30 jou yo ki sot pase
- Lèt ki soti nan men patwon an - ki siyen ak date, ki gen revni avan dediksyon yo ba w nan dènye 30 jou ki sot pase yo; mete non, adrès, ak nimewo telefòn patwon an
- Relve bank si yo depoze salè ou nan kont labank ou
- Travay endepandan: dosye biznis oswa dosye taks
- Si okenn nan sa ki endike anwo a pa disponib, bay yon lèt oumenm - ki siyen ak date, ki gen revni avan dediksyon yo ba w nan dènye 30 jou ki sot pase yo; mete deskripsyon revni an

Remak: Ou pa dwe mete revni sipò timoun nan kalkil ou yo, ni avèk aplikasyon ou an oswa dokiman yo.

Tanpri rele 311 si ou gen nenpòt kesyon sou avi sa a. Ou ka al gade tou sou nyc.gov/fairfares pou jwenn plis enfòmasyon sou pwogram Fair Fares NYC a.